



Pou Piblikasyon Imedyat: 20 desanm 2011

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ YO JWENN SOU LEJISLASYON POU TAKSI

### *Akò a Ap Asire Taksi ak Sistèm Livrezon Aksesib pou Moun ki Andikape yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo te jwenn yon akò pou bay sèvis taksi nan tout minisipalite Vil New York, epi pou amelyore aksè nan taksi ak taksi livrezon pou moun ki andikape yo.

Gouvènè Cuomo pral apwouve pwojè-lwa a, epi lejislati a dakò pou entwodui yon chapit amannman nan pwochen sesyon lejislatif la.

Akò a gen ladan kreyasyon yon nouvo klas lisans livrezon entè-minisipalite ki aksesib nan lagrèl, 20 % ladan yo ap pou veyikil ki aksesib pou moun ki andikape yo. Taxi and Limousine Commission (TLC) ap jwenn otorizasyon pou bay jiska 18 000 nan nouvo lisans sa yo, epitou l ap gen obligasyon pou bay sibvansyon jiska 15.000\$ pou re-ekipe veyikil yo pou adapte yo pou moun andikape yo, oswa pou achte veyikil ki aksesib yo. Akò a ap otorize vil la tou pou vann 2 000 nouvo medayon. Tout medayon yo ap gen restriksyon pou veyikil ki aksesib pou moun andikape yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Lè nou travay ansanm ak lè nou jwenn yon rezon komen, mwen kontan poutèt nou te kapab jwenn yon akò k ap devlope sèvis taksi ak livrezon nan minisipalite deyò yo ak nan pati nò Manhattan, panda n ap asire gen aksè total pou moun andikape yo. Pwojè-lwa a, jan yo te adopte li anvan, pa t satisfè bezwen moun ki andikape yo, epitou li pa t bay okenn avantaj pou endistri livrezon an pou asire Nouyòkè ki andikape yo te jwenn aksè total nan sistèm taksi a.”

Majistra Michael R. Bloomberg di konsa, “Nan dènye mwa janvye a, nan Diskou mwen te fè sou Sitiyasyon Minisipalite Vil mwen, mwen te anonse Administrasyon nou an ta chèche reyalize yon objektif Minisipalite Vil la pa t jwenn pandan twa (3) peryòd dizan: pote sèvis taksi legal pou 7 milyon Nouyòkè k ap viv deyò Distri Biznis Santral Manhattan. Jodi a, nou reyalize objektif enpòtan sa a – epi se yon gwo viktwa pou tout Nouyòkè ki t ap chèche rele yon taksi deyò Manhattan ak nan nò Manhattan. Nouvo lwa a ak akò yo jwenn jodi a pral kreye tou yon revni plizyè milya dola ki trè nesèsè pou Minisipalite Vil la nan lavant 2 000 nouvo medayon jòn yo. Yo tout ak aksesib pou chèz-woulant. Kidonk, akò jodi a, lè li ogmante kantite medayon ki vann a 500, ap bay menm plis revni pou Minisipalite Vil pase pwojè-lwa orijinal yo te adopte nan mwa jen an.”

Dirijan Majorite Sena a, Dean G. Skelos di konsa, “Nan dènye sis mwa yo, nou te travay di avèk Gouvènè Cuomo, Majistra Bloomberg, Asanble a, ak aksyonè yo pou rezoud yon kantite pwoblèm.

Rezilta jodi a se yon pati lejislasyon amelyore k ap bay revni ki trè nesèsè pou Minisipalite Vil New York, epitou l ap satisfè bezwen sitwayen li yo ak tout moun ki enterese yo.”

Senatè Marty Golden di konsa, “Yon gwo efò te fèt pou amelyore lejislasyon orijinal al ak nan anpil respè yo te reyalize objektif sa a. Mwen kontan poutèt nou kapab vanse sou yon pwòjè-lwa ki siyen kote amelyorasyon nou dakò sou li yo ap fèt nan mwa janvyè a.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Nouvo akò sa a ap amelyore sou pwopozisyon orijinal lè li bay ogmantasyon sèvis taksi pou minisipalite deyò yo pandan l ap satisfè bezwen kominote moun andikape yo. Sa ki enpòtan an, sa vle di gwo revni pou Minisipalite Vil New York san ogmantasyon taks yo. Mwen kontan poutèt pwoblèm sa a rezoud.”

Manm Asanble Carl Heastie di konsa, “Mwen bat bravo pou Pòtpawòl Silver ak pou Gouvènè Cuomo pou kokennchenn kalite dirijan yo poutèt yo rezoud yon pwoblèm ki pa t rezoud pandan plizyè peryòd dizan. Akò sa a ap vle di ogmantasyon aksè nan sèvis taksi pou sitwayen minisipalite deyò yo ak pou moun andikape yo.”

Akò a egzije TLC pou prepare yon Plan Aksesibilite pou Moun Andikape (Disabled Accessibility Plan) k ap asire pi bon mwayen pou jwenn tout taksi, livrezon yo, ak nouvo veyikil ki aksesib lè gen lagrèl sou yon peryòd plizyè ane nan yon disponiblite veyikil aksesib ofi-amezi nan pak otomobil la. Y ap prepare Plan Aksesibilite pou Moun Andikape yo nan tèt ansanm avèk gwoup k ap defann dwa moun andikape ak lòt aksyonè yo. Y ap soumèt plan an pou jwenn kòmantè piblik la, epi y ap soumèt li ba Konsèy Minisipal la, epitou pou yo jwenn apwobasyon Depatman Transpò Eta New York. Yo ka bay sèlman 400 nouvo medayon taksi anvan apwobasyon Plan pou Aksesibilite Moun Andikape yo.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418*